डी० बी० कॉलेज जयनगर, मधुबनी, (एल० एन० एम यु०)

नाम - मो० मुन्ना

सहायक प्राचार्य (अतिथि शिक्षक)
मैथिली विभाग

बी० ए० I st & II st Year

अनिवार्य भाषा (मातृभाषा) मैथिली - 50 Marks

दिनांक - 28,04,2020

## सर्वनाम

सर्वनाम :- जे शब्द संज्ञा वा नामक स्थान पर आबए वाला शब्द सर्वनाम कहल जाइछ। जेना - हम अहाँ, ई, ओ, जे से आदि।

सर्वनामक छओ भेद होइत अछि —

1 पुरुषवाचक :- जाहि सर्वनाम सँ पुरुषक बोध हो। अर्थात् पुरुषक नामक बदला मे आबएवला शब्द पुरुषवाचक सर्वनाम कहल जाइत अछि।

एकर तीन भेद होइछ

क. उत्तम पुरुष - यथा - हम

ख. मध्यम पुरुष - यथा - तों अपनें, अहाँ,

ग. अन्य पुरुष - यथा - ओ, राम, ओ सीता।

2. निश्चयवाचक :- जाहि सँ कोनो निश्चित व्यक्ति, वस्तु वा भावक बोध हो से निश्चयवाचक सर्वनाम भेल। जेना - ई राम थिकाह।

3. अनिश्चय वाचक :- जाहि सँ अनिश्चित व्यक्ति वा वस्तुक बोध हो से अनिश्चय वाचक सर्वनाम कहल जाइछ। जेना - केओ, किछु की इत्यादि।

4. निजवाचक - जाहि सँ स्वयं वा निज केर बोध हो से निजवाचक सर्वनाम कहल जाइछ। जेना - अपनहि। हम अपनहि चल आयब।

5. सम्बन्धवाचक :- जाहि सँ कोनो संज्ञा सँ परस्पर संबंध जोड़ल जाइछ से संबंधवाचक सर्वनाम भेल। यथा - जे, से। जकरे चान तकरे जान।

6. प्रश्नवाचक :- जाहि सँ प्रश्नक बोध हो से प्रश्नवाचक सर्वनाम भेल। जेना - के, की कोन, किएक। के भाषण दए रहल छथि?